

Pou ou jwenn èd ak plis enfòmasyon



Vizite yon sit VITA. Pwogram Asistans Enpo sou Revni Volontè a bay èd gratis pou prepare ak ranpli deklarasyon revni yo. Pou jwenn yon sant VITA:

- rele 1 800-906-9887
- vizite sit entènèt IRS la: www.irs.gov



Pou aprann plis sou sa ansanm ak lòt kredi enpo ou ka kalifye pou yo, vizite www.mybenefits.ny.gov



Ou ka kalifye pou ranpli pwòp taks ou gratis! Pou plis enfòmasyon, vizite www.tax.ny.gov/pit/efile

Ou kapab kalifye pou lòt kredi enpo nan eta New York

Kredi enpo sou revni paran ki p ap viv avèk timoun nan genyen nan Eta New York.

Ou ka mande kredi sa a si ou peye sipò selon yon lòd tribinal pou timoun ki pa abite avèk ou.

Ou ka mande kredi sa a oswa EITC Eta New York, men se pa toude.

Kalkile sa ou ta resevwa selon chak kredi epi chwazi sa ki pi bon pou ou a.

Kredi pou swen timoun ak depandan

Si w peye pou swen yon timoun oswa adilt depandan pou ou ka travay, ou ka kalifye pou kredi enpo Eta New York sa a.

Pou plis enfòmasyon, gade yon volontè VITA oswa vizite www.otda.ny.gov/workingfamilies



Departman Fiskalite
ak Finans

Biwo Èd Tanporè ak Andikap
(Office of Temporary and
Disability Assistance)

www.tax.ny.gov

DTF-215.2 (12/22)


www.otda.ny.gov

Pub-4786 (12/22)



Kredi Enpo sou
Revni ou Touche

Jwenn tout kredi ou merite ak EITC



Kredi Enpo sou Revni ou Touche (EITC)

Kredi enpo sou revni ou touche (EITC) se pou moun k ap travay epi ki satisfè kèk krite sou revni. Montan kredi a varye, selon estati fiskal ou, revni fammi ou touche, ak kantite timoun ki kalifye yo. Ou gendwa jwenn lajan lè ou ranpli deklarasyon enpo ou, menm si ou pa dwe okenn taks.

Sèvis Enpo a (Internal Revenue Service, IRS), Eta New York, ak Vil New York, yo tout ofri kredi enpo sou revni ou touche.

Èske ou kalifye?

Pou kalifye pou nepòt nan EITC yo, ou dwe ranpli kèk kondisyon:

- touche salé nan travay oswa nan travay endepandan;
- gen yon nimewo sekirite sosyal valab (Moun ki mande ITIN yo pa kalifye pou mande kredi);
- gen yon timoun ki kalifye k ap viv avèk ou pandan plis pase mwatye nan ane a, oswa, si ou pa gen yon timoun ki kalifye, ou dwe gen omwen 25 an oswa ou pokou gen 65 ane;
- epi gen yon revni envestisman \$10,300 oswa mwens.

Lòt bon nouvèl

Lajan EITC pa afekte kalifikasyon ou pou:


- Asistans Piblik
- Avantaj SNAP
- Revni Sekirite Siplementè
- Lojman piblik
- Avantaj Medicaid

Jwenn estati ou pou ou wè pou ki montan ou ka kalifye.

Kantite Timoun	Revni Maksimòm (Selibatè oswa chèf Fanmi)	Revni Maksimòm (Moun ki marye dwe ranpli ansanm)	EITC* (jiska)
3+	\$53,057	\$59,187	\$11,097
2	\$49,399	\$55,529	\$9,862
1	\$43,492	\$49,622	\$5,973
0	\$16,480	\$22,610	\$896

* Sou baz yon total ki regwoupe kredi maksimòm yo nan Vil New York, Eta New York, ak kredi federal yo.

Ou ka ede fanmi ou satisfe bezwen sa yo.



Fason pou aplike

Ou dwe ranpli yon deklarasyon enpo sou revni pou ou ka resevwa kredi a, menm si ou pa dwe okenn taks. Deklarasyon elektwonik se fason ki pi fasil pou ranpli deklarasyon ou nan ak fason ki pi rapid pou ou jwenn ranbousman ou man. Pou ou jwenn asistans fiskal gratis vizite www.tax.ny.gov/pit/file/vita.htm.